

# BAB 1

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa salah sahiji eunteung ajén-inajén budaya anu teu leupas tina sosial budaya, sarta kahirupan masarakat anu digambarkeunana. Sastra nembrakkeun gambaran kahirupan anu lolobana diwangun dumasar kana kanyataan sosial. Dina ieu hal, kahirupan ngawengku hubungan antar masarakat, antar manusa, antar kajadian anu lumangsung dina batin hiji jalma (tokoh). Ku kituna, kritéria atawa palanggeran utama pikeun nétélakeun yén karya sastra mangrupa gambaran dunya jeung kahirupan manusa, nya éta konsép “bebeneran” ngeunaan gambaran atawa anu rék digambarkeunna.

Sastra mangrupa eunteung kahirupan masarakat anu disusun ku cara maluruh fungsi sosial sastra patalina jeung ajén-inajén sosial masarakat katut pangarang tur nu macana. Nurutkeun pamadegan Isnendes (2007, kc. 14) sastra téh salaku pangwangun ajén kamanusaan nu teu kudu dipihamham deui. Lantaran ngan manusa nu mibanda rasa linuhung, minangka hiji mahluk nu diciptakeun ku Pangéran pinuh ku budi akal, ngan manusa nu mampuh nepikeun sipat-sipat kamanusaanana dina karya sastra. Basa dina karya sastra dipaké alat pikeun ngahontal ajén-inajén éstétis (kaéndahan).

Sastra minangka salah sahiji lembaga sosial anu ngagunakeun basa salaku médiumna. Basa mangrupa ciptaan sosial nu ngébréhkeun gambaran kahirupan. Ulikan ngeunaan kahirupan masarakat ditalungtik ku sosiologi, anu mangrupa talaah ilmiah tur objéktif ngeunaan individu jeung masarakat, lembaga-lembaga sarta prosés-prosés sosialna (Swingewood dina Faruk, 1994, kc. 1).

Abrams (dina Teeuw 2013, kc. 8-9) nétélakeun yén aya opat pamarekan sastra anu bisa digunakeun dina kajian sastra. Aya pamarekan objéktif anu nyoko kana karyana, aya pamarekan éksprésif anu nyoko ka nu nulis éta karya, aya pamarekan pragmatif anu nyoko ka nu maca, jeung aya pamarekan mimétik anu matalikeun karya sastra jeung kaayaan sabudeureunna.

Salah sahiji cara anu bisa digunakeun pikeun maluruhna nya éta ngagunakeun téhnik interprétasi karya kana wangun karya dumasar kana sosiologi sastra. Sifat sastra anu éndah jeung miboga mangpaat, jadi salah sahiji alat pikeun méré gambaran nyata dina dunya fiksi atawa rékaan. Basa anu éndah diréka ku pangarang jadi media pikeun nepikeun ideu sarta pikiran pangarang anu ngainterprétasikeun situasi nyata dina kahirupan sosial masarakat kana wangun fiksi.

Kahirupan sosial masarakat, sacara individu atawa sacara kelompok bisa ngajanggélék jadi hiji karya sastra, boh wangun carpon boh wangun novél. Rupa-rupa kahirupan sosial masarakat anu dijadikeun dadasar pamikiran dina nyiptakeun karya sastra kacida lobana. Aya anu mangrupa adat kabiasaan, sawangan hirup, sarta hal-hal lianna anu patali jeung kahirupan.

Ngajanggélékna karya-karya dina wangun puisi, prosa, atawa drama, moal leupas ti nu nyiptakeunana, nya éta pangarang. Dina enas-enasna mah sastra téh mangrupa produk sosial, hartina mangrupa réka cipta pangarang salaku anggota masarakat dina ngarékam gambaran kahirupan minangka hiji kanyataan sosial. Nu ngawengku hubungan antara individu jeung individu, individu jeung masarakat, sarta kajadian anu lumangsung dina batin hiji individu. Éta gambaran kahirupan téh gumulung dina karya sastra sarta baris katangén dina wangun sastra, utamana dina *genre* prosa, nya éta novél.

Novélét téh bagian tina karya sastra dina wangun prosa, nu caritana panjang tibatan carita pondok (carpon), sarta galurna ngarancabang atawa kompléks (Isnéndés, 2010, kc. 9). Ukuran pangpondokna tina novél nya éta 40.000 kecap atawa kurang leuwih aya kana 150 kaca.

Dina enas-enasna mah novél mangrupa wangun karya sastra nu bisa méré gambaran ngeunaan rohang jeung waktu katut para tokoh anu béda karakterna kalayan panjang lébar, ditilik tina aspék sosiologi jeung loba-loba ragamna. Hal ieu saluyu jeung pamadegan Rosidi (dina Zaélani, 2015, kc. 8), yén novél nya éta wangun sastra dina jenis prosa, nu ngalalakonkeun hirup-hurip jelema kalayan panjang lébar. Para tokohna ngabogaan karakter séwang-séwangan nu patali jeung aspék-aspék kahirupan nu diéksprésikeun ku pangarangna.

**Hinhin Wahidah, 2017**

**STRUKTUR JEUNG ASPÉK SOSIAL DINA NOVÉL BÉNTANG HARIRING KARYA DIAN HENDRAYANA  
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Karya-karya dina wangun prosa saperti novél *dimanifestasi* ku pangarangna ngaliwatan rupa-rupa kajadian kaasup rupa-rupa palaku. Dina novél, pangarang bisa laluasa ngadéskripsikeun konflik-konflik sarta ngahirupkeun karakterisasi dumasar kana gagasan jeung pangalaman lahiriah sarta batiniaha nepi ka jadi hiji karya sastra anu boga ajén luhung. Kaayaan sosial anu digambarkeun ku pangarang dina karyana mangrupa hiji bukti ayana bebeneran jeung kajujuran.

Kajujuran bisa ngagambarkeun kaayaan sosial anu karandapan, ku cara nepikeun ajén atikan, ajén moral, ajén budaya, ajén sosial, jeung ajén agama ngaliwatan tulisan dina wangun novél. Analisis maksud tina karya novél bisa ngajawab nepi ka mana karya sastra bisa jadi eunteung masarakat sosialna. Ku kituna, sawangan sosial pangarang dina karya sastra bisa jadi tatapakan dina nganalisis karya sastra. Kitu deui sawangan sosial masarakat kana karya pangarang bisa jadi eunteung pikeun pangarangna sorangan.

Salah sahiji pangarang Sunda, Dian Héndrayana, ngeuyeuban deui jagat sastra Sunda. Dina taun 2015, Dian Héndrayana medalkeun karyana dina wangun novél, anu judulna *Béntang Hariring*, kalawan maké gaya anu has, ku cara ngasupkeun pangaruh tembang kana karyana, sarta dibarung ku suasana anu tenang jeung émosi anu stabil, turta nyiptakeun karakter palaku anu ngepas reujeung umurna. Najan kitu Dian henteu ngaleungitkeun konflik anu ngirut tina karyana. Teu matak hémeng saupama novél *Béntang Hariring* jadi wawakil gambaran kahirupan sosial dina dunya sastra, hususna mah keur umuran budak atawa rumaja. Katitén dumasar pangajén ti Yayasan Kebudayaan Rancagé anu diwakilan ku girang pangajén kana karyana *Béntang Hariring* nu meunang *Hadiah Sastra Samsoedi*.

Dina dunya sastra Sunda, utamana novél, tinangtu unggal pangarang mibanda kaunikan jeung gaya has séwang-séwangan. Cara makéna gaya dina nyiptakeun karya tangtuna dipangaruhan ku loba faktor, diantaranya faktor kasang tukang kahirupan sosial pangarangna sorangan, utamana anu pakait jeung pakasaban, dunya atikan, organisasi, jrrd. Ku kituna pikeun ngungkulan hal anu aya patalina jeung informasi bisa ngagunakeun pamarekan sosiologi.

Dina seuhseuhanna mah sosiologi téh aya patalina jeung sastra, sabab sosiologi mah mangrupa panginditan tina disiplin élmu humaniora anu medar perkara masarakat, katut lembaga jeung prosés sosialna. Sedengkeun sastra mangrupa hasil réka cipta anu raket pisan patalina jeung masarakat.

Pamarekan sosiologi mangrupa pamarekan anu dipiharep bisa ngabaladah kasang tukang munculna hiji karya patali jeung situasi kondisi tempat gumelarna éta karya. Nurutkeun Damono (2013, kc. 10), pamarekan sosiologi mibanda harti nu sarua jeung sosiologi sastra, nya éta pamarekan nu nimbang-nimbang aspék kahirupan masarakat, politik, ékonomi, sosial, budaya, réligi, jeung adat-istiadat. Biasana pikeun mikanyaho kondisi sosial, kaayaan rupaning sistem jeung ajén-inajén nu raket patalina jeung kamasarakatan, nu sacara sadar atawa teu sadar dirékam dina hiji media nu mangrupa karya sastra bisa ngagunakeun pamarekan sosiologi. Lian ti éta, Swingewood ogé nétélakeun yén sosiologi téh nya éta pamarekan anu ilmiah tur objéktif ngeunaan manusa dina hirup kumbuh di masarakat, sarta studi ngeunaan lembaga-lembaga tur proses sosial. Sedeng sastra bisa disebut salah sahiji lembaga sosial anu ngagunakeun basa minangka médiumna (Faruk, 2012, kc. 1). Nu matak kitu timbul istilah “sosiologi sastra”.

Sosiologi sastra minangka pamarekan anu neueul kana hubungan antara sastra jeung masarakat, anu dibahas teu ngan saukur téks, tapi ogé kontéksna. Sosiologi sastra nétélakeun gejala saluareun karya sastra anu jadi kontéksna, saperti fénoména sosisal, psikologi pangarang, idéologi, agama, budaya, jeung sajabana.

Pamarekan sosiologi sastra miboga pamadegan yén karya sastra téh narima pangaruh ti masarakat, sakaligus mampuh méré pangaruh pikeun masarakat. Malah masarakat mindeng nangtukeun ajén karya sastra dina hiji jaman. Sedeng sastrawan taya lian ti anggota masarakat nu teu bisa leupas tina pangaruh ti lingkungan masarakat di sabudeureunana (Semi, 2012, kc. 92). Cindekna, sosiologi sastra téh nya éta ulikan sosiologi ngeunaan karya sastra dumasar prinsip élmu sosiologi jeung sastra.

Kawas téori sastra nu séjénna, sosiologi sastra gé miboga sababaraha ambahan. Sanajan ambahana lega, aya papasingan anu bisa jadi cecekelan dina

nalungtik karya sastra dumasar kana sosiologi sastra, diantaranya papasingan nurutkeun Wellek jeung Warren (1989, kc. 53), anu ngabagi sosiologi sastra jadi tilu bagian: (1) *sosiologi pangarang*, anu nalungtik ngeunaan status sosial, idéologi politik, jeung hal-hal anu patalina ngeunaan pribadi pangarang; (2) *sosiologi karya sastra*, anu nalungtik ngeunaan karya sastra katut ma'na, tujuan jeung kontéks dina karya sastra; jeung (3) *sosiologi nu maca*, anu maluruh ngeunaan nu maca jeung pangaruh karya pikeun masarakat.

Saluyu jeung pamadegan Wellek jeung Warren, Ian Watt (dina Faruk 2012, kc. 5-6) nétélakeun yén aya tilu ambahan dina pamarekan sosiologi sastra.

1. Kontéks sosial pangarang, ieu kontéks nalungtik:
  - a. kumaha cara pangarang dina nyiar napakah;
  - b. perkara profésionalisme pangarang dina pakasabanana, tepi ka mana pangarang nganggap pakasabanana minangka hiji profési;
  - c. masarakat nu kumaha nu dituju ku pangarang.
2. Sastra minangka eunteung masarakat, ieu kontéks maluruh tepi ka mana karya sastra bisa jadi eunteung kahirupan masarakat. Utamana ieu kontéks nalungtik:
  - a. tepi ka mana karya sastra bisa jadi eunteung masarakat, sabab ciri-ciri masarakat nu ditulis dina karya sastra, bisa jadi geus teu dpaké deui dina mangsa pangarang nulis karya sastra;
  - b. pangarang mindeng milih fakta-fakta sosial nu tangku, cindekna tepi ka mana pangaruh sipat pangarang kana karya nu ditulisna;
  - c. *génre* sastra mindeng jadi sikep sosial hiji kelompok, lain sikep sosial nu universal, tapi tepi ka mana *génre* sastra bisa ngawakilan masarakat;
  - d. karya sastra nu satékah polah ngagambarkeun kaayaan sosial kalawan gemet, bisa jadi teu bisa dipercaya ku masarakat sacara gembleng.
3. Fungsi sosial sastra, ieu kontéks nalungtik:
  - a. kaom romantik nganggap yén karya sastra téh sarua jeung karya nabi, hartina tepi ka mana pangaruh karya sastra kana ajén sosial;
  - b. dina jihat séjén, karya sastra dianggap minangka panglipur, tepi ka mana karya sastra dianggap minangka panglipur;

- c. aya hiji kompromi klasik, sastra kudu ngajarkeun hiji hal ku cara nu ngalipur.

Sosiologi sastra minangka pamarekan anu nandeskeun kana hubungan antara sastra jeung masarakat, anu dibahas henteu ngan saukur téks tapi ogé kontéksna. Sosiologi sastra nétélakeun gejala saluareun karya sastra anu jadi kontéksna saperti fénoména sosial, psikologi pangarang, ideology, agama, budaya, persépsi anu maca, jeung sajabana.

Nurutkeun Damono (2013, kc. 10) pamarekan sosiologi miboga harti nu sarua jeung sosiologi sastra, nya éta pamarekan anu nimbang-nimbang aspék kahirupan masarakat, politik, ékonomi sosial, budaya, religi, jeung adat-istiadat. Biasana pikeun mikanyaho kondisi sosial, tempat rupaning sistem, jeung ajén-inajén nu raket patalina jeung kamasarakatan, nu sacara sadar atawa teu sadar dirékam dina hiji média nu mangrupa karya sastra.

Novél *Béntang Hariring* tinangtu miboga masalah-masalah sosial anu kudu dipaluruh, fakta carita nu nyampak dina ieu novél tangtu bakal kaguar nalika disalusur ku struktur karya sastrana. Lian ti éta, saupama ditalungtik leuwih gemet ngagunakeun pamarekan sosiologi sastra, bakal kapanggih kasang tukang munculna hiji karya, dumasar pangaruh masarakat, jeung pangarangna, turta bakal nepungkeun karya kana persépsi nu maca ngaliwatan daya aprésiasi nu teleb kana hiji hal. Nu dimaksud di dieu mah urang bisa nyeukeutan deui pola pikir jalma dina nalaah eusi hiji karya sangkan leuwih gampang tur katémbong pamaksudanana. Pon kitu deui siswa, hususna tingkat SMP. Ku kituna, ngaliwatan ieu panalungtikan dipiharep bisa ningkatkeun pamahaman tur karep siswa kana diajar karya sastra, hususna dina wangun novél.

Panalungtikan ngeunaan sosiologi sastra mémang geus réa dilaksanakeun, tapi panalungtikan ngeunaan sosiologi sastra nu sagemblengna nilik karya tina konteks pangarang, karya, jeung pamaca kawilang saeutik kénéh. Panalungtikan ngeunaan sosiologi sastra diantarana waé:

1. “Kajian Sosiologi Sastra kana Novél *Carios Agan Permas* karya Joehana” ku Amelia Fauziah taun 2008;

2. “Analisis Komparatif Aspék Sosiologi Sastra dina Kumpulan Carpon (*Murang-maring* jeung *Serat Sarwasatwa*) jeung Novél (*Sandékala* jeung *Déng*) Karangan Godi Suwarna” ku Ari Andriansyah taun 2010;
3. “Kajian Sosiologi Sastra kana Kumpulan Carpon *Oknum* karangan Hadi AKS pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA” ku Tika Yunita taun 2011;
4. “Aspék Sosiologi Sastra dina Kumpulan Carpon *Nu Harayang Dihargaan Karya Darpan*” ku Arif Ali Abdilah taun 2013;
5. “Perspéktif Biografis Novél *Sabalakana* Karya Dadan Sutisna” ku Fitriya Aulia Rachma taun 2016.

Sok sanajan saméméhna geus réa nu nalungtik karya ngagunakeun pamarekan sosiologi sastra, tapi can aya panalungtik nu ngaguar novél *Béntang Hariring* ngagunakeun pamarekan sosiologi sastra. Ku kituna, diayakeun panalungtikan ngeunaan “Struktur jeung Aspék Sosial dina Novél *Béntang Hariring* pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra di SMP”.

## 1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus diébréhkeun di luhur, dirumuskeun masalah dina ieu panalungtikan, nya éta :

- a. Struktur carita dina novel *Béntang Hariring*;
- b. Aspék sosiologi sastra dina novel *Béntang Hariring*;
- c. Larapna struktur carita jeung aspék sosiologi sastra dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMP.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Sakumaha anu geus didadarkeun di luhur, sangkan ieu panalungtikan puguh jujutanana, rumusan masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan téh moal lega teuing, panalungtik ngarumuskeun sababaraha masalah dina kalimah pananya ieu di handap:

- a. Kumaha struktur carita dina novél *Béntang Hariring*?

Hinjin Wahidah, 2017

STRUKTUR JEUNG ASPÉK SOSIAL DINA NOVÉL BÉNTANG HARIRING KARYA DIAN HENDRAYANA  
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b. Kumaha aspék sosiologi sastra dina novél *Béntang Hariring*?
- c. Kumaha larapna struktur carita jeung aspék sosiologi sastra dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana pikeun bahan pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan miboga tujuan anu dibagi jadi dua, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan sacara umum dilaksanakeunana ieu panalungtikan, nya éta pikeun mesék tur maluruh struktur jeung aspék sosial anu nyangkaruk dina novél *Béntang Hariring* pikeun bahan pangajaran asprésiasi sastra di SMP, utamana sangkan ngungkab ma'na nyamuni nu hayang ditepikeun ka pamaca dina novel.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun:

- a. Ngadéskripsikeun struktur carita dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana;
- b. Ngadéskripsikeun aspék sosiologi sastra dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana;
- c. Larapna struktur carita jeung aspék sosiologi sastra dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana pikeun bahan pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sakumaha anu dipedar ieu di handap.

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa:

- a. Ngabeungharan pangaweruh perkara ulikan sastra Sunda, utamana dina wengkuhan tiori-tiori struktural jeung sosiologi sastra.

- b. Ngalarapkeun ulikan sastra pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra Sunda.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis, di antarana:

- a. Pikeun Panalungtik
 

Nambahan pangalaman dina proses panalungtikan sastra, utamana dina karya sastra wangun novél.
- b. Pikeun Pangajaran
 

Nambahan pangdeudeul ulikan, utamana ulikan novél dina pangajaran aprésiasi sastra.
- c. Pikeun Sakola
 

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa nambahan référénsi kajian, utamana dina pangajaran sastra di sakola.

#### **1.4.3 Mangpaat segi Kawijakan**

Mangpaat kawijakan dina ieu panalungtikan, nya éta dipiharep bisa jadi bahan tinimbangan Pamaréntah Daérah jeung Dinas Pendidikan keur ka hareupna, sangkan ieu panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji pangajaran boh di sakola formal atawa sakola informal.

#### **1.4.4 Mangpaat segi Isu jeung Aksi Sosial**

Mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial dina ieu panalungtikan, nya éta dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi sumber pangaweruh pikeun masarakat dina atikan nu didasaran ku basa, sangkan salah sahiji pangrojong kabudayaan dina wangun karya utamana novél, henteu leungit kalayan tetep dijaga jeung dimumulé dina kahirupan masarakatna dina waktu ayeuna jeung jaga.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Panalungtikan ieu disusun dina karya tulis anu ngawengku lima bab, kalayan sistematikana saperti di handap:

#### **BAB I BUBUKA**

Dina BAB I eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

## BAB II ULIKAN TIORI

Dina BAB II eusina medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan karya sastra novél, struktural, aspék sosial, sosiologi sastra, bahan pangajaran, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, jeung raraga mikir.

## BAB III MÉTODEU PANALUNGTIKAN

Dina BAB III eusina medar ngeunaan métodologi panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung léngkah-léngkah panalungtikan.

## BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN

Dina ieu BAB eusina medar ngeunaan déskripsi novél *Béntang Hariring*, analisis struktur, analisis aspék sosiologi sastra, jeung kalungguhan novél *Béntang Hariring* dina dunya atikan pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMP. Dina ieu bab dipedar sagemblengna hasil tina analisis panalungtikan anu dilaksanakeun.

## BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina BAB V eusina mangrupa bagian pamungkas tina skripsi, nya éta kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya saran nu ditepikeun keur nu maca. Éta saran téh tujuanna sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih hadé.